

Deklarasyon sou Enpak Ekite: Mizajou Sou Admisyon Nan Lekòl Egzamen yo

Tit: Mizajou Sou Mizannèw Politik Admisyon Nan Lekòl Egzamen yo

Dat: mardi 21 juin 2022

Èske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la? Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Prezantasyon aswè a pral bay yon revizyon brèf politik ki apwouve a, yon analiz mizannèw Ane Lekòl 2022-2023 (SY22-23), yon evalyasyon inisyal sou enpak politik la, ak yon mizajou sou mizannèw politik Ane Lekòl 2023-2024 la.</p> <p>Politik sou Admisyon nan Lekòl Egzamen yo ke Komite Lekòl Boston nan (BSC) te apwouve 14 Jiyè 2021, vize kreye yon pwosesis admisyon pou twa lekòl egzamen Boston yo ki soutni enskripsyon elèv yo yon jan pou yo kenbe rigè, epi toule twa òganism elèv yo pi byen reflekte divèsite rasyal, sosyo ekonomik, ak jewografik tout elèv Boston yo.</p> <p>Nouvo politik la te devlope pa Gwoup Entèkansyon sou Admisyon nan Lekòl Egzamen BSC yo. Manm Gwoup Entèkansyon an te 23% Azyatik, 31% Nwa, 15% Latino ak 31% Blan. Li te gen ladan li moun ki edike elèv ki andikape yo ak aprenan anglè yo (EL yo), de reprezantan elèv, ak kat paran BPS aktyèl. Kòmantè piblik la te enfòmè politik la, tankou pandan seyans ekout yo ki te òganize pa Gwoup Entèkansyon an ak BSC a.</p> <p>Pou admisyon Ane Lekòl 2022-2023 yo, yo te mande pou elèv la gen yon mwayèn B oubyen pi elve pandan premye de trimès 6èm ak 8èm ane atizay lang anglè, matematik, syans, ak syans sosyal yo.</p> <p>Lè n konsidere done apati de admisyon yo pandan de dènye ane yo, ak done revisit aktyèl yo, Politik la ap atenn objektif pou soutni enskripsyon elèv yo yon jan pou yo kenbe rigè, epi toule twa òganism elèv yo ap pi byen reflekte divèsite rasyal, sosyo ekonomik, ak jewografik tout elèv Boston yo.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyan ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Politik la vize fè avanse priyorite Plan Estratejik 1.1 (<i>Asire ke politik, plan, ak bidjè BPS yo fè avanse Politik Eka Opòtinite ak Revisit la yon jan pou lekòl nou yo...founi yon pwogram akademik wobis ak sipò sosyo emosyonèl, lè n konsidere sa chak timoun bezwen.</i>), paske li konsène antre nan twa pami lekòl ki pi pèfòman yo nan distri a. Objektif santral nouvo Politik la se pou founi plis aksè ekita pou elèv yo nan ogmante reprezantasyon jewografik, pwogramatik, sosyo ekonomik ak rasyal. Done ki reprezante aswè a pral demontre li te atenn objektif sa.</p>
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Prezantasyon aswè a gen ladan li divès done detaye sou enskripsyon nan lekòl egzamen yo alaswit mizannèw Politik Admisyon Lekòl Egzamen an. Done yo demontre objektif politik la te atenn kòm sa ki swiv la pou envitasyon pou elèv k ap monte nan setyèm ane apati de Ane Lekòl 2020-2021 rive nan Ane Lekòl 2022-2023:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Elèv la t ap viv sitiyaasyon sanzabri oubyen nan swen Depatman Timoun yo

	<p>ak Fanmi yo te ogmante apati de 1% rive nan 7%.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● EL yo te ogmante soti 1% rive 6%. ● Elèv andikape yo te ogmante soti 3% rive 6%. ● Elèv ki defavorize ekonomikman yo te ogmante soti 35% rive 45%. ● Elèv nwa 7yèm ane yo te ogmante soti 13% rive 24%. ● Elèv Latino 7yèm ane yo te ogmante soti 21% rive 26%. <p>Konsènan enpak sou 10 ak 15 pwen ki bay ak kandida yo sou baz kantite elèv defavorize ekonomikman yo nan lekòl ki voye yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Elèv ki frekante yon lekòl avèk 40% oubyen plis elèv defavorize ekonomikman yo pandan senk dènye ane yo te resevwa yon 10 pwen anplis sou nòt konpozit yo a. 83 lekòl BPS yo ak 15 Lekòl ki pa BPS te kalifye pou 10 pwen anplis yo. ● Pou elèv ki ap monte nan 7yèm yo, pami sis lekòl BPS ki pa resevwa 10 pwen yo, 96 (50%) nan 192 kandida te resevwa yon envitasyon, avèk pousantaj pa lekòl ki soti nan 38% rive nan 80%.
<p>4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Angajman entèvenan yo gen ladan l:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ekip mizannèv Politik Admisyon nan Lekòl Egzamen yo te òganize plizyè seyans angajman pandan Ane Lekòl 2021-2022 a pou founi enfòmasyon sou pwosesis kandidati, envitasyon, ak tès epi reponn kesyon fanmi yo. Sa gen ladan l kat reyinyon kominotè nan Desanm 2021, ak de nan 2022. 953 moun te asiste reyinyon enskripsyon yo nan Avril 2022, epi 974 te asiste seyans enfòmasyon sou Lekòl Egzamen an ki te òganize nan Desanm 2021. Anplis, yon dokiman FAQ te rive kreye nan plizyè lang, epi enfòmasyon ajou sou lekòl egzamen an te rive founi sou sitwèb Sèvis Dakèy BPS yo. ● Tout reyinyon yo te fèt sou Zoom epi yo te entèprete yo an menm tan. Nan yo tout, reyinyon yo te òganize nan nèf lang pale ak Lang Siy Ameriken. Tout materyèl yo te rive tradwi ak pibliye sou sitwèb la. ● Ekip Angajman Fanmi distri a kontinye soutni chak jou fanmi yo gras ak pwosesis admisyon ak envitasyon an.
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Politik la te atribiye 100% envitasyon nan itilize yon klasman dirèk nan nivo sosyo ekonomik yo, ede asire yon divèsite jewografik, sosyo ekonomik ak rasyal. Anplis de sa, elèv yo kapab kalifye pou divès pwen anplis sou nòt konpozit yo a (soti nan 1-100) si yo reponn ak nempòt nan kritè ki vin an apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sanzabri, nan swen Depatman Timoun ak Fanmi yo, oubyen k ap viv nan rezidans Otorite Lojman Boston yo (15 pwen adisyonèl). ● Frekante yon lekòl avèk 40% oubyen plis elèv defavorize ekonomikman (10 pwen adisyonèl). <p>Elèv BPS yo pral kontinye pran tès ki rekòmande a pandan jounen lekòl la, jan li te kòmanse nan lotòn 2019 la. Twa direktè lekòl egzamen yo pral kontinye ofri divès opòtinite diferansye pou soutni elèv k ap antre yo, epi Biwo Eka Opòtinite pral kontinye òganize pwogram inisyativ Lekòl Egzamen lete a pou prepare elèv ki soti nan popilasyon ki mal reprezante yo pou jwenn admisyon.</p>
<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>BPS te ajoute yon pòs jesyone pwojè mizannèv Politik Lekòl Egzamen an nan Biwo Avansman Fanmi ak Kominote a, epi te konsakre tan pèsone Biwo Done ak Responsabilite nan tès yo e ak nan pwosesis admisyon an. Anplis, distri a te envesti nan yon kontra tès pou founi divès tès MAP nan objektif admisyon nan lekòl egzamen yo.</p> <p>Ekip mizannèv entèdepatmantal la pral kontinye asire ke objektif santral Politik</p>

	la – pou atenn ekite nan admisyon lekòl egzamen yo – rive reyalize.
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Prezantasyon sa fè pati rapò anyèl sou mizannèv politik ki rekòmande a nan BPS. Anplis, genyen yon revizyon sou politik konplè rekòmande a chak senk an. Divizyon Akademik yo, Biwo Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Biwo Done ak Responsabilite responsab pou rapò sa yo.</p>